Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
МАЙ–
Зæрдæвæрæны
мæй
2
ÆРТЫЦЦÆГ
№ 85 (17767)

Аргъ 3 кап.

ТЫХСТЫТЫ ÆМÆ ЗÆРДÆДАРÆНТЫ УАЛДЗÆГ

Маевкæ Сырх фæзы. Ацы бæзы Фыццæгæм Май иннæты хуызæн нæу. Стæй, планетæйы фæллойы адæмы дунеон æмзæрдæдзинады фыццаг дзыллон бæрæгбоныл фондзыссæдз азы сæххæст, канд уый тыххæй дæр нæ. Ногдæр кæны не 'хсæнад, ногдæр кæнæм мах нæхæдæг. Æппæрæм сахсæнтæ, хъуыды кæныи райдыдтам хæдбарæй, нæ къух исæм рагацау фыст ныхæстыл, алцæмæн дæр æгæр фæтк æвæрыныл, уый йæ дæлбар фæкодта алкæйы дæр æмæ æппæт дæр, суанг Фыццæгæм май дæр. Æмæ кæд уыцы бæрæгбоныл вазыгджын æууæлты, чи бамбырд, уыцы социалон, экономикон, национ фарстаты 'хсæн æмбæлæм, уæддæр æвдæ даргæйæ кæсæм, нæ цардмæ нын рацарæхт цы хорз ивддзинæдтæ хæссы, уыдонмæ.

Ногдæр кæны æхсæнад, ногдæр кæнæм мах нæхæдæг. Æмæ мæнæ æнæ уæлдай хъæр æмæ хъыллистæй мæскуыйæттыл сæмбæлд Сырх фæз. Егъау хъуымацыл — К. Маркс, Ф. Энгельс, В. И. Ленины къамтæ. Сабырдзинады, фæллойы, хæлардзинады, рацарæзты темæтæ æвдисынц, ГУМ-ы æмæ Паддзахадон историон музейы раззаг фæрстыл цы рæсугъд панноттæ ис, уыдон, СССР Цæдисы адæмты национ нывтæй аивгонд у Кремлы къул. Композицийы бæстастæу Сенаты мæсыпыл — СССР Цæдисы Герб. Сæйраг Советы бæстыхæны сæрмæ та фæллауы бæстæйы Паддзахадон тырыса.

Сырх Фæзы — адæмы æппæт денджыд. Уæдæ куыд бафæлладыстæм ис 'ппæт дæр кæнтæ барæгбæттæй, бирæ наеддæр размæ-иу демонстрацити архайджыты номхыгдтæ цæттæ куы уыдысты. Æмæ ма сæ исчи бавзæрстаид нæ сæххæст кæныи. Æниу æнæнæрон егъау цыдæттæ, макуытæ! Гъемæ раиид афтæ, æмæ рæсугъд бæласты чъылдымæ фесæфт уыцы рухс бæрæгбоны райдайæн мидис. Сабырдзинад! Сæ фæлтæрдыгæй дæр æмæ Сырх Фæзы палатæты сæрдартæ, Уæрæсейы Федерацийы, Мæскуыйы разамоиджытæ, сæйраг горæты фæллойадон коллективты минæвæрттæ.

Бæрæгбоны уæвджыты 'хсæн — хæсты æмæ фæллойы ветерантæ, СССР Цæдисы æмæ Мæскуыйы Советы адæмон депутаттæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ. Ам ма сты фæсарæйнаг уазджытæ, СССР Цæдисы дипломатон минæварæдты сæргълæуджытæ.

Митинг байгом кодта профцæдисты Мæскуыйы горкомы сæрдар **В. П. Щербаков.** Микрофоны размæ бацыд ПЦÆЦС-йы сæрдар **Г. И. Янаев.**

— Абон, — загъта уый, — Сырх фæзы æрæмбырд сты, рацарæзты хъуыддагыл сæхи фæллойæ чи тох кæны, уыдон, фæллойгæнджыты æмзæрдæдзинад, иудзинад æмæ æфсымæрдзинад равдисыны тыххæй. Мах не 'ппæт дæр æмбарæм, базары экономикæмæ рахыз фыццаг къæпхæныл кæй фæзындзæн бæстæйы къаддæр æфтиагдзын цæрджыты царды уавæрыл. Уымæ гæсгæ ПЦÆЦС-ы, советон профцæдисты хæс у фæллойгæнджыты экономикон æгъдауæй хъахъхъæныны уаг саразын, сæ пайдатæ сын хъахъхъæнын. Мах профцæдистæ нал уыдзыстæм, граждæнтæн фæллойæн Конституци цы фидар бартæ дæтты, уыдон сæххæст кæнын тæкнæ хъæддыхдæрæй куы нæ баломæм, уæд.

ПЦÆЦС-ы сæрдар планетæйы æппæт цæрджытæм фæсидт адæмты рæзты адæймагуаран æмæ демократон нысантæ къухы бафтын кæныны сæрапподд ноджы хъæддыхдæр архайдмæ.

Сæйраг горæты фæллойгæнджыты хъуыддагтæ æмæ сагъæсты тыххæй дзырдтой номдзыд «Трехгорнæ»-йы уазфаг **О. В. Замохотова,** МАЙ-йы студенты профкомы сæрдар **Г. Ф. Будяк.**

Чи æрæмбырд, уыдоиæн дзынмæ. Мах æууæндæм зонды уæлахизыл, амынд ис уынаффæйы, ахъаз кæндзыстæм, фæллойы адæмтæн социалон зæрдæдарæнтæ чи дæтты, адæймаджы сæраппонд уыцы адæймагуарзон демократон рацарæзтытæн. Царды уавæрыл, фæллойгæнджыты пайдатыл тынг чи ахады, æппæт уыцы уынаффæтæ дæр хъуамæ хаст цæуой адæмимæ уынаффæ кæнгæйæ. Æрмæстдæр мах нудзинад æмæ арæзтадон фæллойы бон у социалон рæзт, ныры æмæ фидæны фæлтæрты хорз царды. Райгуырæн бæстæ фæногдæр æмæ сырæзын кæнын.

Митинг ахицæн, æмæ Сырх Фæз базмæлыд. Мæскуыйæгтæ хæрзаив колоннæтæй Историон музейæ цæуынц Василий Блаженныйы аргъуаны 'рдæм. Митинджы архайджыты хæдфæстæ ардæм иу иннæйы фæдыл цæуынц, Мæскуыйы Совет æмæ æвзарджыты иугæндтæ кæй сарæзтой, районты уыцы колоннæтæ.

Демонстрантты рæнхъыты сты алыхуызон организацити æмæ змæлдтыты минæвæрттæ, кæд сæ хатгай «æнæформалонтæ» хоныиц, уæддæр уыдон нæ политикон царды систы æнкъарæг æцæгдзинад. Лозунгты алыхуызондзинад — уымæн бæлвырд æвдисæн.

Абон ардæм чи æрбацыд, уыдоны 'хсæн, — сæйраг дæр советон экономисттæй иу, ССР Цæдисы адæмон депутат **П. Г. Бунич.**

— Махæн базары экономикæйæ хуыздæр гæнæн нцы ис, — загъы уый. — Цæмæй скуса, уымæн хъæуы цыппар æууæлы. Фыццаджыдæр, адæймагæй скæнын хъæуы куыстадон тыхты хицау. Æмæ уал уымæ фæндаг æвæрд æрцыд.

Дыккаг: хъæуыиц фиддонтæ, æвзæр куыстуæтты пайдайæн хорз куыстуæттæй лын цæхх æмæ кæрдзынмæ. Тыхсгæ ма кæнут, алцыдæр уыдзæн фаг, ирон цыхт — ирон фынджы, ирон æгъдауы бæркад дæр уыдзæн фаг. Бæрæгбоны фæдыл уын зæрдиаг арфæтæ кæнын, нæ зынаргъ мадæлтæ æмæ хотæ!

Ацы фæзы абон уынын ме 'мкусджыты — студенты æмæ ахуыргæнджыты, интеллигенцийы минæвæрттьі, Ныфс мæ ис, уыдон бацархайдзысты нæ фидæн — нæ сабиты — раст фæндагыл саразын.

Нæ нывгæнджытæ, скульптортæ, архитектортæ, композитортæ! Аразут нæ адæмы, рæстæджы акка уадмыстæ!

Уынын ам сабиты — нæ бæстæйы фидæн. Ныфс нæ ис, махæй уыдонæн фылдæр кæй бантысдзæн, уый. Сæ райсом кæй уыдзæн рæсугъддæр æмæ амонджындæр.

Партины Цæгат Ирыстоны обкомы, республикæйы Сæйраг Советы æмæ республикæйы Министрты Советы номæй зæрдиаг арфæтæ кæнын сæ 'ппæтæн дæр уалдзæджы бæрæгбон— 1 Майы фæдыл.

Ныртæккæ ныи сæйрагдæр цы нæ фыст кæиы, уый — æгъдау. Уымæ гæсгæ хæлы нæ адæмты 'хсæн хæлардзинад дæр.

Бирæ хорз хъуыдытæ загътой адæм, бирæ иог фæндтæ бахастой. Ныр ныхасæй хъæуы хъуыддагмæ, рахизын. Уыиы кусдзыстæм иумæйагæй.

Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

Уыиы митинг фæцис. Хъуысы ССР Цæдисы Гимн. Фæллойадон коллективтæ, иугай адæймагтæ сæвæрдтой дидинджытæ революцийы фæстæг В. И. Ленины цыртдзæвæны.

Митинджы адæм сæ ныхсарæзтой Сæрибары фæзмæ.

УАЛДЗÆДЖЫ, НЫФСЫ БÆРÆГБОН

ФЫЦЦÆГÆМ МАЙЫ БÆРÆГБОН г. ОРДЖОНИКИДЗЕЙЫ

Республикæйы разамонджытæ дидинджытæ сæвæрдтой В. И. Ленины цыртдзæвæны цур.

Республикæйы разамонджытæ дидинджытæ сæвæрдтой В. И. Ленины цыртдзæвæны цур.



Сырх Фæзы — адæмы æцæг денджыз

Уæдæ куыд бафæлладыстæм не 'ппæт дæр кæнгæ бæрæгбæттæй, бирæ цасдæр размæ-иу демонстранты архайджыты номхыгъдтæ цæттæ куы уыдысты. Æмæ ма сæ иссчи бавзæрстаид нæ сæххæст кæнын. Æнцу æнæкæрон егъау плакаттæ, макеттæ! Гъемæ рауад афтæ, æмæ рæсугъд бакасты чъылдыммæ фесæфт уыцы рухс бæрæгбоны райдайæн мидис. Сабырдзинад! Фæллой! Æмзæрдæдзинад! Абон та фæллойадон Мæскуы Фыццæгæм майы бæрæгбонмæ рацыд барвæндæй, цæмæй зæгъа йæ хъуыды бæстæйы вазыгджын уавæры, æхсæнадон кризисæй рацæуыны фæндæгты тыххæй.

Ныры митинг-маевкæйы араздзыстæ систы мæскуыйаг профцæдистæ. «Мæскуыйы æмæ Садовый Кольцойы дзыллон мадзæлттæ аразыны уаджы тыххæй» ССР Цæдисы Президенты Указмæ гæсгæ митингæн бар радта ССР Цæдисы Министрты Совет. Профцæдисты Мæскуыйы горкомы сидтмæ гæсгæ райсомы 8 сахатыл æмбырд кодтой, стæй Кремлы 'рдæм цыдысты адæмон хæдзарады алы къабæзты фæллойгæнджытæ. Аст гуылфæнæй ралæууыдысты сæ колоннæтæ министртимæ, къабæзты штабты разамонджытимæ, мæскуыйæгты хъуыдытæ, гуырысхотæ æмæ зæрдæхсайæнтæ æвдисæг плакаттæ æмæ транспаранттимæ нымæ: «Демократи — о, арæзтæнтæ — нæ!», «Æгъгъæд у фæлварæнтæн, райдайæм кусын!», «Æргътæ — профцæдисты бар!», «Базары экономикæ — о, æгуыстдзинад — нæ!», «Æргом фæсивæды фарстатæм!», «Мах тыхджын стæм, нымæ уæвгæйæ!».

Райсомы 10 сахаты Мавзолейы Астæуккаг трибунæмæ схызтысты ССР Цæдисы Президент, СЦКП-йы ЦК-йы Генералон секретарь **М. С. Горбачев**, ССР Цæдисы Министрты Советы Сæрдар **Н. И. Рыжков**, ССР Цæдисы Сæйраг Советы Сæрдар **А. И. Лукьянов**, СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы уæнгтæ æмæ уæнгтæм кандидаттæ, ССР Цæдисы Сæйраг Сæрдæмæхъаргæ митинг, — загъта уый, — ногæй равдыста уæ фидар фæнд ССР Цæдисы социализм парахат æмæ фидардæр кæнынмæ. Абон æппæт дуне дæр уыны, Советон Цæдис ныфсджынæй кæй цæуы рацарæзты фæндагыл, ивгъуыд рæстæджы хъуагдзинæдтæй хи сыгъдæг кæнгæйæ æмæ йæ адæмы сфæлдыстадон гæнæнтæ æргом кæнгæйæ. Сымах адæмы бон у ахадгæ хай бахæссын æппæт адæмы бæллицмæ — сабырдзинадмæ, бынхæлдгæнæг ядерон хæсты тасдзинадæй сæрибар дунемæ, æнæ æххормагдзинад æмæ гæвзыкдзинад дунемæ, бæллицмæ.

Профцæдисты æппæтдунеон федерацийы номæй уазæг зæрдæбын арфæ ракодта бæрæгбоны фæдыл.

Маевкæ цæуы дарддæр. Ныхасы бар райстой технико-наукæты кандидат **Е. Н. Каблов**, металлургон завод «Æхсырф æмæ Дзæбуджы» профкомы сæрдар **Е. К. Кузнецов**.

Фæзы æрæмбырдуæвджытæ сфидар кодтой уынаффæ, зæгъынц дзы, кæй læууынц сабырдзинадыл, сæрибарадыл æмæ адæмты амондыл тохы æппæт прогрессивон тыхты тохы фарс, фидарæй иузæрдион кæй сты фæллойгæнджыты пайдатæ æнæцудгæ хъахъхъæныны уагæвæрдты фарс.

Документты ис сидт æппæт нациты фæллойгæнджытæм бану уæвынмæ æмæ ныддихтæ кæнын нæ бауадзынмæ, национализмы æмæ нациты 'хсæн быцæуты мыггæгтæ сæвзæрын нæ бауадзынмæ.

Мæскуыйы Совет æмæ æвзарджыты цугæндтæ кæй сарæзтой, районты уыцы колоннæтæ.

Демонстранты рæнхъыты сты алыхуызон организацийты æмæ змæлдтыты минæвæрттæ, кæд сæ хатгай «æнæформалонтæ» хонынц, уæддæр уыдон нæ политикон царды систы æнкъаргæ æцæгдзинад. Лозунгты алыхуызондзинад — уымæн бæлвырд æвдисæн.

Абон ардæм чи æрбацыд, уыдоны 'хсæн, — сæйрагдæр советон экономисттæй иу, ССР Цæдисы адæмон депутат **П. Г. Бунич**.

— Махæн базары экономикæйæ хуыздæр гæнæн ницы ис, — зæгъы уый.

— Цæмæй скуса, уымæн хъæуы цыппар æууæлы. Фыццаджыдæр, адæймагæй скæнын хъæуы куыстадон тыхты хицау. Æмæ уал уымæ фæндаг æвæрд æрцыд.

Дыккаг: хъæуынц фиддонтæ, æвзæр куыстуæтты пайдайæн хорз куыстуæттæй ныры тонæггæртæ нæ, фæлæ. Нæ зæрдæ дардыстæм, дыууæ — æртæ къуырийы фæстæ махмæ кæй уыдзæн ахæм закъон. Æртыккаг: æнæмæнг хъæуынц раст æргътæ, ахæмтæ та сты сæрибар базары æргътæ. Æууæндын фæндид уыл, æмæ инназæй фæстæмæ бирæ æргътæ суыдзысты сæрибар, кæй зæгъын æй хъæуы, граждæнты социалон бартæ æнæмæнг хъахъхъæнгæйæ. Æмæ, æппынфæстаг, цыппæрæм: хъæуы ерыс. Уадз æмæ уа дæс Аэрофлоты. Фæлæ уымæн тагъд саразæн кæй нæй, уымæ гæсгæ, цæй æмæ Аэрофлот уæд та цыппар дихы фæкæнæм.

Фыццагмайон сæйраг горæты сæрдыгон нывтыл бафтыдысты ССР Цæдисы телеуынынад æмæ радиойы Стыр концертон оркестры цæгъдджытæ. 45 азы размæ чи райгуырд, уыцы коллективæн æрæджыйæ нырмæ разамынд дæтты ССР Цæдисы адæмон артист **М. М. Кажлаев**.

...Куыдфæстæмæ къаддæр кæнынц Сырх Фæзмæ цæуæг мæскуыйæгты рæнхъытæ. Ам маевкæ фæцис, цæмæй дарддæр ахæццæ уа адæмон бæрæгбæтты, сæйраг горæты алы къуымты уыйгты хъæлдзæгдзинæдтæй. Уæддæр хорз у, уыцы фæллойадон бæрæгбоны гуырæнтæм фæстæмæ кæй здæхæм, уый. Стæй хорз у, ногæй та хъуыддаджы бæрæгбон кæй ссис, уый.

Сырх Фæзæй репортаж сарæзтой СЦТА-йы сæрмагонд уацхæсджытæ

В. БЕЗБРЕЖНЫЙ,
И. ВЕКСЛЕР,
Р. КАРЯКИН,
А. СУЛЬДИН,
Б. ШЕСТАКОВ.

Бирæ хорз хъуыдытæ загътой адæм, бирæ ног фæндтæ бахастой. Ныр ныхасæй хъæуы хъуыддагмæ рахизын. Уыл кусдзыстæм нымæйагæй.

Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

Уыл митинг фæцис. Хъуысы ССР Цæдисы Гимн. Фæллойадон коллективтæ, иугай адæймæгтæ сæвæрдтой дидинджытæ революцийы фæтæг В. И. Ленины цыртдзæвæныл.

Митинджы адæм сæ ных сарæзтой Сæрибары фæсмæ. Ам, кинотеатр «Октябрь-»ы цур — стыр сценæ. Чысыл фæстæдæр дзы хъуамæ райдайа нæ республикæйы культурæ æмæ анвады архайджыты концерт.

Уæдмæ та нæ цыбыр интервьютæ.

Цы 'нкъарыс ацы бон? Ногдзинад дæ зæрдæмæ фæцыд æви нæ? Фидæнмæ цæмæ æнхъæлмæ кæсыс? Ацы фарстытæн дзуапп дæттынæ республикæйы культурæйы министр Дзантиаты Анатолий:

— Адæймаг алы уалдзæгмæ дæр исты ногдзинадмæ фенхъæлмæ кæсы. Уалдзæг у ныфсы бæрæгбон. Æмæ ацы уалдзыгон бонмæ та уæлдай тынгдæр, уæлдай зæрдиагдæрæй æнхъæлмæ кæсыщ советон адæм. Уымæн æмæ æрбахæццæ кæны СЦКП-йы XXVIII съезд.

Æмæ адæмы уырны, уый фæстæ хуыздæрырдæм ивдзинæдтæ кæй фæзындзæн, уый. Бæрæгбонæн ног хуыз лæвæрд кæй æрцыд, уый дæр, мæнмæ гæсгæ, у хорзфæзынд. Уый фæрцы адæм республикæйы разамонджытимæ цæрдзысты æнгомдæр. Хуыздæр æмбардзысты кæрæдзийы хъуыдытæ, кæрæдзийы фæндтæ.

— Тынг фæмидисджындæр ацы аз 1 Майы бæрæгбон, — дзуры дизайнер Дзапарты Артур. — Тынг раст уынаффæ уыд митинг саразыны хъуыддаг. Фыццагну адæм Сæрибары фæсмæ бацæуæны 2 сахаты фæлæуыдысты (хорз æмæ ма-иу боныхъæд хорз куы уыд, уæд ницы кæны), стæй-иу бæхыл бадæгау трибунæты бынты сæппуадæй æруадысты. Трибунæйы уæвджытимæ-иу кæрæдзимæ сæ къухтæ æфсоны тылд бакодтой, æмæ-иу уый фæдыл «бæрæгбон» фæцис. Ныр афтæ нал у, æмæ мын уый у æхсызгон. Бæрæг у, адæм кæрæдзийы æмбарынмæ тынгдæр кæй тырынц, уый. Уадз дунейыл кæддæриддæр уа сабырдзинад...

Уæдмæ концерт дæр райдыдта æмæ адæм сценæйы алыварс æртыгуыр сты, æмæ

(Дарддæр 2 фарсыл).

УАЛДЗÆДЖЫ, НЫФСЫ БÆРÆГБОН

(райдайæн 1 фарсыл).

дыууæ сахаты бæрц кастысты. Культурæйы министрад æмæ горæххæстæкомы хъæппæрисæй цы зæрдæмæдзæугæ концерт арæзт æрцыд, уымæ.

Уыцы бон республикæйы сæйраг горæты алы фæзты, Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ фæлладуадзæн парчы, ОЗАТЭ-йы культурæ æмæ спорты галуаны, культурæйы галуантæ «Электрон» æмæ «Металлурджы» æмæ æндæр рæтты арæзт æрцыд алыхуызон культурон-фæлладуадзæн мадзæлттæ æмæ горæты адæм сæ фæллад хорз суагътой.

Уалдзæджы, ныфсы бæрæгбон сын æрхаста цины ног æнкъарæнтæ. Уадз æмæ нæ адæмы цæсгæмттæ цух макуы уой мидбылхудтæй, сæ цард уа дзаджджын æмæ амонджын. Уадз æмæ нæ сæрибар зæхх кæддæриддæр уа дидинкалæг.

* * *

Фыццæгæм Майы бæрæгбон кадджын уавæры сбæрæг кодтой Алагиры, Бесланы, Мæздæджы, Дигорайы æмæ республикæйы иннæ горæттæ æмæ хъæуты фæллойгæнджытæ дæр. Хъæуты куыстуæттæ æмæ хæдзарæдтæй бирæ куыстадон коллективтæ æмæ адæймæгтæ дзаг-армæй сæмбæлдысты æмзæрдæдзинады бæрæгбоныл.

Бæрæгбоны митингæй репортаж ныффыста «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг ЦОМАЙТЫ Ростислав.

Къамтæ систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

ПАРТИОН ЦАРД: СЦКП-йы РАЙКОМТЫ КОНФЕРЕНЦИТÆ

РАЗДЗОДЖЫ ХÆС

Нæ облæстон партион организацийы кæронмæ фæхæццæ кæны дзуапдæттæн-æвзарæн кампани. Фесты райдиан организацийы æмбырдтæ. 27—28 апрелы уыдысты СЦКП-йы райкомты конференцитæ. Уыдон равзæрстой ног комитеттæ, облæстон партион конференцимæ делегаттæ, снысан кодтой СЦКП-йы XXVIII съезды делегаттæм кандидаттæ.

Районты конференцыты коммунисттæ æргом дзырдтой партийы ныры уавæрыл, йæ архайды хъуагдзинæдтыл, къуылымпытыл, сæххæстгæнинаг хъуыддæгтыл. Уыдис алыхуызон фæндæттæ, хъуыдытæ, суанг быцæутæ партии погдер, хæстхъомдæр кæныны фæдыл. Æмæ ахæм уавæрæн æнæуæвгæ нæй. Амæй фæстæмæ СЦКП архайдæн бирæпартион системæйы æууæлты æмæ хъуамæ ма быхса йæ уæнгты идейон арвистонæн, партион царды ленинон уагæвæрдтæ æмæ организацион принциптæ кæсты бын кæнынæн.

Промышленнон районы XIV партион конференцыдис Хæххон хъæууонхæдзарадон институты Культурæйы галуаны. Афтæ мæм фæкаст, цыма металлургон, арæзтадон, транспортон куыстуæтты, уæлдæр æмæ астæуккаг «хуыргæнæндæтты партион» организациты минæвæрттæ ардæм æрбахастой æхсидгæ пецты цæхæр, арæзтадон фæзты уынæр, рæзгæ фæлтæрты бæллицтæ, куымæтæг фæллойгæнæг дзыллæйы хъынцъым, мæт æмæ сагъæстæ. Мæт æмæ сагъæс кæнынæн æфсон ис. Зын рæстæг у. Бирæ фарстатæн хъуыдис дзуапп раттын. Абон цы хатдзæгтæ скæнæй дзуаппон рæстæджы куыстæн, абон цы сныстæн кæнæй фидæны архайдæн, уымæй бирæ аразгæ уыдзысты районы хъуыддæгтæ, раздзæуæджы хæстæ.

Партийы райкомы куысты тыххæй конференцийы доклад скодта йæ фыццаг секретарь Н. А. Хлынцов. Куыстуæтты практикон архайды фæдыл загъта цыбырæй: дзуаппон рæстæджы февзæрдæр, хæдзариуæгады ног æууæлтæм хизыны рæстæджы фæкъаддæр продукцийы бæрц, фылдæр сæфы куысты рæстæгæй, сæдæгай мин сомты аргъ уадзынц цауд продукци.

Райком нуцасдæр архайдта рацарæзты домæнтæ æххæст кæныныл. Идейон-хъомыладон куысты 'ргом здæхт æрцыд адæмы 'рдæм, партийы бюройы уæнгтæ, раздæры азтимæ абарæйæ, арæхдæр æмбæлдысты фæллойгæнджытимæ. Хайæдты, цехты хицæутты æвзæрстой коллективтæ сæхæдæг, скъолаты фæхуыздæр национ æвзæгтæ ахуыр кæныны уавæр. Уæддæр афтæ зæгъæн нæй, æмæ партийы райкомы къухы бафтыд идеологон куыст рацаразын. Бирæ хъуыддæгтæ æнхъæлмæ кæсынц сæ алыг кæнынмæ. Райсæм фæсивæдимæ куысты фарста. Райкомы идеологон къамис нæ бацархайдта скъолайы цард фæногдæр кæныныл. Районы нæй сывæллæтты спортивон скъола, нæй компьютерон кълæстæ, нæ фаг кæны цæстуынгæ æрмæг, скъолатæй бирæты бæстыхæйттæ базæронд сты. Абоны онг хицæн скъолаты æндзарынц æвзалыйæ. Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институтимæ ахуыргæнджыты æмæ директоры ахастдзинæдтæ банывыл кæныныл нæ бакуыста нæдæр институты партком, нæдæр партийы райком. Уый галиумæ зыны студенттæ ахуырыл æмæ царды уавæртыл. Фæстаг æртæ азы дæргъы институтæй æппæрст æрцыд бирæ студенттæ, чъизи, антисанитарон уавæры сты æмдзæрæнтæ, хæрæнцон. Институты партион организацийæн абоны онг æвзæрст нæма 'рцыд секретарь.

Фæсивæды хъомыладыл æвзæрырдæм зыны алыхуызон видеосалонты архайд, барадон лæмæгъ пропагандæ. Конференцийы архайджытæ куыд бацамыдтой, афтæмæй партион, хæдзарадон æмæ советон разамонджыты лæмбынæг ахъуыды кæнын хъæуы æрыгæтты дарддæры хъомыладыл. Уый æнæкъуылымпыйæ у цæхгæр фæхуыздæргæнинаг. Уæлдайдæр уымæн, æмæ ацы азы 1 июнæй фæстæмæ ФÆЛКЦ-йы горæты райкомтæ нал уыдзысты.

Идеологон куыст цæхгæр фæхуыздæр кæныны мадзæлттыл дзырдта хæсты æмæ партийы ветераны советы сæрдар Г. Пилюгин. Уый загъта, зæгъгæ, фæсивæдæй бирæтæ æмхиц сты динмæ, цæуын райдыдтой аргъуантæм, дуканиты уæй кæнынц дины атрибуттæ. Партийы райком, райдиан партион организацитæ хъуамæ куыдфæндыйы цæстæй ма кæсой уыцы хъуыддæгтæм. Фæсивæдыл тох кæнын хъæуы. Уыцы тох лæмæгъ кæй у, уый аххосæй рæзы фыдракæндты нымæц. Дзуаппон рæстæджы февзæрдæр районы мидхъуыддæгты хайады куыст дæр.

Иуæй-иу куыстуæтты разамонджытæ сæ лæмæгъ куыстæн агурынц объективон æфсæнттæ — базæронд, дам, сты нæ кусæнгæрзтæ, куыстадон процесстæн, дам, сæ 50 проценты не сты механизацигонд. Раст зæгъынц, бамбарæн сæ ис. Фæлæ лæмæгъ архайды аххосæгтæ арфдæр æвæрд сты. Сæ сæйрагдæртæй иу у партион организациты лæмæгъ, уæнгмард куыст фæллойгæнджыты, районы æппæт цæрджыты 'хсæн. Афтæ та уымæн у, æмæ партийы райком, йæ бюро æмæ йæ секретартæ фаг нæ архайдтой партион организациты тоххъомдзинад бæрзонддæр кæныныл, нæ тох кодтой дзырд æмæ хъуыддаджы æмтад фидар кæныныл.

Уый тыххæй конференцийы хорз загъта иугонд «Полимер»-ы парткомы секретарь, адæмон депутатты райсоветы сæрдар Зæнджиаты Георги.

— Рацарæзты райдайæны тынг активон уыдысты нæ коммунисттæ. Ныр, партийы æмæ æхсæнады уавæр куы фæкарздæр, уæд сæхимæ хъусыныл фесты. Ног хъуыддæгтæ лыг кæнæм зæронд мадзæлттæй. Цы райдайæм, уый кæронмæ нæ ахæццæ кæнæм. Æвзæрстыты агъоммæйы платформæтæ ныммыхуыр кодтам. Коммунисттæ сыл не 'рныхас кодтой, куыд сæ æххæст кæндзыстæм, уыл ничи батыхст. Æмæ уымæй цы рауад? Уый, æмæ коммунисты нымæц Советты фæкъаддæр. Ныр дæр та афтæ. Абон нæм радтой СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы Уставы проектты тыххæй фæндæттæ. Чи сæ сарæзта, кæй фæндæттæ сты?

Коммунистты бæрнондзинад фылдæр кæныныл дзуаппон рæстæджы бацархайдтой «Победит»-ы, «Электроцинчы», иугонд «Полимер»-ы, горæты 1-æм рынчындоны æмæ æндæр партион организацитæ. Байхъуыстой æдæппæт 1204 коммунисты дзуаппытæм. Уыдонæй 700 сты разамонджытæ. Фæлæ уæддæр, æмткæй райсгæйæ, райком лæмæгъ архайдта партион уæнгты ном æмæ кад бæрзонддæр кæныныл. Дзуаппон рæстæджы 236 адæймаджы ацыдысты партийæ, 36 та æрцыдысты æппæрст. Фæстаг дыууæ азы дæргъы районы 60 партион организацийы сæ рæнхъытæм нæ райстой иунæг уæнджы дæр.

— Коммунисты ном хæссыны аккаг чи нæу, хъуыддагæй æмæ æгъдауæй партийы кад фылдæр кæныныл чи нæ ауды, уыдон партийæ куы цæуой, уæд уый мæстаг нæу, — загъта йæ раныхасы завод «Кристалл»-ы директор Гиоты Эдуард. — Фæлæ хъыгаг уый у, æмæ нæ рæнхъытæй сæхи ацух кодтой иуæй-иу æнæхин кусджытæ. Уый уымæн афтæ у, æмæ партион хъомыс алы коммунистмæ нæ хæццæ кæны. Партийы райком программæтæ «Интенсификаци», «Цæрæнуæттæ — 2000» æмæ иннæтæ æххæст кæныныл хъæддыхæй æмæ иудадзыг нæ куыста. Кусын куыд нæ хъæуы, уый зонæм, куыд кусын хъæуы, уый нæма зонæм.

Гиойы-фырты хъуыды дæнцæгтæй фæбæлвырддæр кодтой Заводы поселочы адæмон депутатты Советы сæрдар А. Зоря æмæ завод «Топаз»-ы пецтыл кусæг Махъоты Хасан.

Заводы поселочы цæры 16 мин адæймагæй фылдæр, афтæмæй сын нæй цардыуаджы домæнтæ æххæст кæныны фадæттæ, культурæйы хæдзар, хуыздæнæн скъола æмæ дуканитæ. Ничи кусы фæсивæдимæ. Поселочы алфамблай зæххытæ læвард æрцыдысты цæхæрадзæттæн æмæ поселочы цæрджыты фосæн нал ис хизæнуæттæ.

— Адæмæн фаг нæй хойраджы продуктæ, æнæмæнгхъæуæ товартæ, — дзырдта Махъойы-фырт. — Быхсынц рæстæгмæйы къуылымпытæн. Фæлæ транспортон организациты æвæрнондзинад кæдмæ быхсдзысты? Райкомы, горкомы секретарты нæ зоныц нæ заводы кусджытæ, нæ нæм вæййынц.

Конференци стыр æргом аздæхта партийы ныры уавæрмæ, хъуыддаджы ныхас дзы цыд СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы Уставы проекттыл. Уыдон тыххæй сæ раныхæсты дзырдтой иугонд «Электрон»-ы сæйраг технолог В. Панасевич, завод «Электроцинчы» хистæр мастер В. Саркисов, ахуыргæнæг Кочиты Г., управленi «Севосглавснаб»-ы парткомы секретарь Б. Одиашвили, завод «Победит»-ы кусæг Л. Осипов æмæ иннæтæ.

Конференцийы раныхас кодта æмæ фарстытæн дзуапп радта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Таболты С. П.

Партийы Промышленнон райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Н. А. Хлынцов.

Конференци равзæрста партийы ног райком, делегаттæ XXXIII облæстон партион конференцимæ, снысан кодта СЦКП-йы XXVIII съездмæ делегаттæм кандидаттæ. Уыдон сты завод «Кристалл»-ы директор Гиоты Эдуард æмæ «Цæгирарæзтад»-ы дыккагæм арæзтадон управленийы сисамайæг Бедойты Олег.

ТОЛПАРТЫ С.

ИС МА ÆНÆЛЫГГОНД ФАРСТАТÆ

СЦКП-йы Кировы районы партион конференцийы боны фæткы уыдис бирæ ахсджиаг фарстатæ. Делегаттæ хъуамæ байхъуыстаккой дзуаппон докладмæ æмæ аргъ скодтаккой районы партион организацийы æмæ йæ ревизион къамисы куыстæн, æрныхас кодтаккой партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партион Уставы проекттыл, равзæрстаккой партийы ног райком, районы партион организацийы контролгæнæг- ревизион къамис, стæй XXXIII облæстон партконференцимæ делегаттæ æмæ СЦКП-йы XXVIII съездмæ делегаттæм кандидаттæ.

Районы партконференцийы доклады фыццаг хай райкомы бюройы æмæ районы партион организацийы архайды тыххæй уыдысты. Докладчик загъта, зæгъгæ, партийы Промышленнон райкомы бюро æмæ районы партион организацитæ партийы XXVIII съездмæ хъуамæ ацыдаиккой æмбæлттоны фæрæдыдæй, æмæ сæ ацы азы 1 июнæй фæстæмæ ФÆЛКЦ-йы горæты райкомтæ нал уыдзысты. Уыцы фарстатæ æвдисæнтæ кодтой, зæгъгæ, партийы райком æмæ йæ бюро æмæ йæ секретартæ фаг нæ архайдтой партион организациты тохъомдзинад бæрзонддæр кæныныл, нæ тох кодтой дзырд æмæ хъуыддаджы æмтад фидар кæныныл.

Районы партион организацитæ æмæ партийы райком æмбæлттоны фæрæдыдæй ацыдысты

Бæрæгбоны митингæй репортаж ныффыста «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг ЦОМАЙТЫ Ростислав.

Къамтæ систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

ÆМГЪУЫДÆЙ РАЗДÆР

Дыууадæсæм фондзазоны фæстаг аз ноджы хуыздæр фæллой кæнынц Зилгæйы Дзæрæхохты Хадзымураты номыл фосдарджытæ. Æмгъуыдæй бирæ раздæр æххæстгонд æрцыдысты фондз мæйы пълантæ дзидза æмæ æхсыр уæй кæнынæй. Уыцы æнтыстдзинад къухы бафтыд, фæллойы ног хуызæй раст кæй пайда кæнынц, уый руаджы. Уыимæ колхоз ахицæн кодта фондзазоны пълантæ дæр фосдарыны продуктæ уæй кæнынæй.

Ныртæккæ фосæн фаг лæвæрд цæуы цъæх холлæгтæ, æмæ æхсыры æрдыгъд бонæй-бонмæ фылдæр кæны. Зæгъæм, кæд апрелы суткæмæ æхсыр уæйгонд цыдис 4300 килограммы, уæд ныр та — фондз тоннæйæ фылдæр. Хъугæй пут æхсыр дуцын кæмæн æнтысы ахæмтимæ сты Бзарты Фатимæ, Уæлыгæсты Ирæ, Мæргъиты Изольдæ æмæ Голоты Аня. Фондз мæймæ сæ алчидæр йæ хъугæй æхсыр æрдыгъта дыууæ мин килограммæй уæлæмæ.

ИС МА ÆНÆЛЫГГОНД ФАРСТАТÆ

СЦКП-йы Кировы районы партион конференцийы боны фæткы уыдис бирæ ахсджиаг фарстатæ. Делегаттæ хъуамæ байхъуыстаккой дзуаппон докладмæ æмæ йæ ревизион къамисы куыстæн, æрныхас кодтаккой партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партион Уставы проекттыл, равзæрстаккой партийы ног райком, районы партион организацийы контролгæнæг-ревизион къамис, стæй XXXIII облæстон партконференцимæ делегаттæ æмæ СЦКП-йы XXVIII съездмæ делегаттæм кандидаттæ.

— Дæумæ ræсгæ, куыд цæттæгонд цыдис конференци, районы, партион организацийы архайдмæ ногдзинадæй исты бахæсдзæн? — ахæм фарста радтон районы коммунистты æмбырды райдайæны хæдразмæ партийы æмæ фæллойы ветеран, бæрнон партион æмæ советон органты дзæвгар рæстæг чи бакуыста, ахæм адæймаг Хъуысаты Никъаламæ.

— Æнхъæлмæ кæсæм хуыздæрырдæм ивддзинæдтæм. Æппынфæстаг, ацы партион конференци раздæры бирæ партконференцитæй хицæн кæны уымæй, æмæ йæ бацæттæ кæныныл архайдтой æрмæст райкомы уæнгтæ нæ, фæлæ ма дæлдæрлæууæг партион организаторы коммунисттæ.

СЦКП-йы райкомы фыццаг секретарь Каджаты Т. Г. дзуаппон доклады сæйраг хъуыды уыдис рацарæзт партион организацийы куыд цæуы æмæ, цавæр хæстæ лæууы йæ размæ, уый.

Идеологон æмæ политикон-хъомыладон куыстæн, ахуырадон кусæндæтты, районы хæдзарæдты, промышленнон куыстуæтты, базарадон æмæ бастдзинады, адæмон лæггæдты æмæ æхсæнадон хæлцады, æнæниздзинады, барадон æмæ барадхъахъхъæнæг кусæндæтты куыстæн аргъ скæнгæйæ, докладгæнæг сæйраг æргом аздæхта æнæлыггонд фарстатæм. Партион организацийы архайды лæмбынæг раиртæст куыд сбæрæг кодта, афтæмæй фæллойгæнджыты политикон æмæ экономикон ахуыртæ нæма сты СЦКП-йы ЦК уынаффæйы домæнты аккаг. Интернационалон хъомылады æмæ нациты 'хсæн ахастдзинæдты фарстатæ домынц сæрмагонд æргом сæм аздахын. Интернационалон хъомылад фæхъæздыгдæр кæнын хъæуы ног мидисæй, ссарын хъæуы уыцы куысты ног хуызтæ æмæ мадзæлттæ. Æмæ уымæн гæнæн ис, партийы райком, алы коммунист дæр уыцы куыстмæ стыр бæрнондзинад куы 'вдиса, уæд.

СЦКП-йы райкомы архайды сæйраг фæндæттæй дзуаппон рæстæг ну уыдис æппат организацион-партион куысты цæхгæр рацарæзт. Зынтæй, фæлæ сындæггай, рæзы коммунисттæ политикон зондахасты активдзинад. Уый хорзырдæм зыны пленумтæ, бюройы æмæ нумæйаг æмбырдтæ цæттæ кæныныл.

Уыимæ партийы райком, куыд коллегион орган, æххæстæй нæ пайда кæны йæ гæнæнтæй. Кæд нумæйагæй разæнгарддзинад зынгæ сырæзт, уæддæр йæ къамисты ахадындзинад социалон-экономикон, æхсæнадон-политикон æмæ партион царды фарстаты фæдыл ахсджиаг уынаффæтæ цæттæ кæныны хъуыддаджы чысыл уыд. СЦКП-йы райкомы бюройы æмбырдтæм бирæ фарстатæ цæттæ кодтой æрмæстдæр аппаратон кусджытæ. Уыцы куысты къамисты архайд уыдис формалон.

Ныртæккæ экономикæйы цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдоны ахадындзинад у сæйрагдæр, уымæн æмæ уыдон сты социалон, политикон æмæ удварны рæзты бындур. Уый хынцгæйæ, партион, советон, хæдзарадон органтæ арæзтой бæлвырд мадзæлттæ экономикон уавæр фæхуыздæр кæнынæн. Фæлæ промышленнон куыстады рæзт цæхгæр рацаразын къухы нæма бафтыд. Раздæрау фæллойадон коллективтæ кусынц къуыхцытимæ. Ивгъуыд азы фæкъаддæр кодта продукцийы рауагъд Кировы районы механизацигонд хъæды хæдзарад, финансон зындзинадтæ æвзары Елхоты консервгæнæн завод. 1989 азы йæ зиантæ сыстадысты 100 мин сомæй фылдæр.

Æххæстгонд нæ цæуынц адæмон фæлхасады товарты уадзыны пълантæ. Уыцы фарстатыл партион организацийы 'рдыгæй нæй фаг контроль æвæрд.

Ноджы тæссагдæр уавæр сæвзæрд капиталон арæзтады. Фылдæр хъаст кæнынц «Агропромарæзтад»-ы цæугæ механизацигонд колоннæйæ (хицау Хъæстуайы-фырт, партион организацийы секретарь æмб. Потоцкая). Арæзтæдтæ æмгъуыдтæм нæ фæвæййынц, радтынц сæ пайда кæнынмæ бирæ хъуагдзинæдтимæ.

Партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проекты фыццаградон хæсты 'хсæн ахсджиагдæрыл нымад сты экономикон къабазы аграрон фарстатæ. Районы партион организацийы бирæ хъарутæ здахы уыцы фарстатæ лыг кæнынмæ. Хицæн партион организацитæ арæхстджынæй аразынц коммунисттæ æмæ коллективты сæ гæнæнтæй æххæстæй пайда кæнынмæ. Зæгъæм, К. Марксы номыл колхозы (сæрдар Брцийы-фырт, партхомы секретарь Дудийы-фырт) ацы фондзазоны ивгъуыд азты хъæууон хæдзарадон куыстады рæзт 18 процентæй фылдæр у.

Фæлæ уыимæ æрхæссæн ис æндæр дæнцæттæ дæр. Зæгъæм, сындæг архайынц Хойраджы программæ сæххæст кæныныл колхоз «Кавказ»-ы æмæ Ленины номыл колхозы (сæрдартæ Сæлбийы-фырт, Хъæцмæзы-фырт, секретартæ Лианты С. æмæ Ракута). Сæ куыстадон бæрæггæнæнтæ, ивгъуыд фондзазоны азтимæ абаргæйæ, цауддæр сты.

Партийы райком фылдæр æргом эдæхта социалон политикæйы фарстатæм. Арæзт æрцыдысты хъæуы социалон рæзты нысанмæ арæзт программæтæ — цæрæнуæтты арæзтады, адæмы æнæниздзинад хъахъхъæнынады æмæ а. д. Зынгæ ивддзинæдтæ ис уыцы къабæзты. Фæлæ уыимæ адæмон лæггæдты куыстуæтты, базарадон, медицинон кусæндæтты архайды нырма ис бирæ хъуагдзинæдтæ.

Доклады æмæ иуæй-иу делегатты раныхæсты сагъæссаг хъуыдытæ уыдис районы фыдракæндты цауты фæдыл.

Барадхъахъхъæнæг органты куысты раиртæст куыд æвдисы, афтæмæй сын нæ фаг кæны иудзинад, тоххъомдзинад. Сæ архайды нырма ис формалондзинад, лæмæгъ у кусджыты фæллойадон æгъдау. Давыны, цауд продукци уадзыны, фæллойадон æгъдау халыны цауты ныхмæ тохы йæ авналæнтæй фаг нæ пайда кæны районы адæмон контролы комитет.

Партион конференцийы архайджытæ партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ СЦКП-йы Уставы ног проекттæ банымадтой, партийæн ног улæфт чи ратдзæн, ахæм документтыл. Уыимæ сæм бахастой фиппаинæгтæ æмæ срастгæнинæгтæ.

РАЙОНЫ ПАРТКОНФЕРЕНЦИЙЫ ДЕЛЕГАТТЫ РАНЫХÆСТÆЙ

БАЙМÆТАТЫ С., Ленины номыл колхозы арендон бригады сæргълæууæг: «Раздæр нæм уыдис партион æгъдау, ныр та уый нал зыны...»

М. ОМАРОВ, механизацигонд хъæды хæдзарады кусæг: «Цыма райком хуыздæр куыста, фæлæ йæ кæронбæттæн бæрæггæнæнтæ зын равзарæн сты».

Н. ЯРЕМЕНКО, хæсты æмæ фæллойы ветераны советы сæрдар: «СЦКП-йы ног райком хъуамæ фылдæр мæт кæна адæмыл, йæ кад нывхæстæй нæ, фæлæ хъуыддагæй хъуамæ фидар кæна».

ДЖЫБЫЛАТЫ Т. колхоз «Рæстдзинад»-ы сæрдар: «Хъæуы, æхсæнадон хъуыды чи хынца, ахæм социалон-экономикон рæзты программæ».

Районы партион конференцийы архайдта æмæ раныхас кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдары фыццаг хæдивæг Бирæгъты Ю. Г.

Конференцийы равзæрстой ног райком. СЦКП-йы XXXIII æм облæстон партион конференцийы делегатты, партийы XXVIII съезды делегаттæм кандидаты.

Районы партион организацийы контролгæнæг-ревизион къамисы сæрдарæй æвзæрст æрцыд Зураты Р. У. Раздæр куыста СЦКП-йы райкомы секретарæй.

Уыцы бон уыдис СЦКП-йы Кировы ног равзæрст райкомы фыццаг пленум. Æркаст организацион фарстатæм. Райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Каджаты Т. Г., секретарæй В. П. Ищенко.

ГУЫРИАТЫ А.

ÆРÆФÆГТЫ ÆНТЫСТ

Хæдзарæуæгады ног 'хуызмæ рахизгæйæ, хорз æнтыстдзинæдтæ сæ къухы æфты Æрæфы районы совхоз «Æрæф»-ы фосдарджытæн. Хæдзарад уæлдайджынтæй ахицæн кодта дзидза уæй кæныны афæдзы пълан. Уæлæмхасæн ма уæйгонд æрцæудзæн æппынкъаддæр 80 тоннæйы. Фосдарджытæ æмгъуыдæй мæй раздæр ахицæн кодтой афæдзы фыццаг æмбисы пълан паддзахадæн æхсыр уæй кæнынæй дæр. Ныртæккæ фосæн дæттынц цъæх холлæгтæ æмæ суткæмæ хъугæй æхсыр дыгъд цæуы 12-13 килограммы, уый, фарон ацафон цас дыгътой, уымæй фылдæр у.

Фыццæгæм майы бæрæгбоныл дзагармæй сæмбæлдысты хъугдуцджытæ Сырхауты Александрæ, Малиты Оля, Булкъонты Зæлинæ æмæ Хъуылаты Феня. Алчидæр сæ фондз мæймæ хъугæй æхсыр æрдыгъта дыууæ мин килограммы. Хорз цæуынц сæ хъуыддæгтæ, læппын фосмæ чи зилы, уыдонæн дæр. Суткæмæ алы роды уæзыл дæр бафты 500-600 граммы.

45 ИРЫСТОНЫ ХЪÆБАТЫР ФЫРТТÆ

Петр МАСЛЕННИКОВ

Райгуырд Ærхонкæйы станицæйы, 1923 азы 10 июны. Иæ фыд Владимир уыд теркаг хъазахъхъар, зæхкусæг. Петр, æнæххæст астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ куыста колхозы. 1941 азы йæм фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм. 1942 азы архайдта Мархы æфцæгыл, Владикавказы æмæ Новороссийскы цур фашистты ныддæрæн кæныны хæстыты. 1943 азы каст фæци афицерты курсытæ. Уыдис Курскы къæлæты. Галиуварсы Украинæ знæгтæй суæгъд кæныныл уæззау тохты.

1943 азы 24 февралы, фистæгæфæддон взводы командир уæвгæйæ, кæстæр лейтенант Масленников раззæгтимæ баленк кодта Днепрыл, йæ взводимæ бацахста ахсджиаг бæрзæнд. Æрбæстон дзы сты, домбай ныхкъуырд лæвæрдтой фашисты ныббырстытæи. Уыцы хæсты йæхæдæг амардта 12 гитлероны. Иæ лæгдзинад, йæ ныфс æмæ иттæг хорз арæхстдзинады тыххæй йыл 1944 азы 3 июны саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. 1944—1945 азты хистæр лейтенант П. Масленников, пулеметтæй æхсæг ротæйы командир уыдис, афтæмæй архайдта Рахизфарсы Украинæ, Польшæ æмæ Чехословакы сæрибар кæныныл тохты. Берлин райсыныл хæстыты.

Хорзæхджынгонд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы ордентæй, бирæ майдантæй.

1946 азæй фæстæмæ Масленников уыдис запасы, куыста Ирыстоны адæмон хæдзарады, зæрдиагæй архайдта æхсæнадон куыстыл. Партийы рæнхъытæм бацыд 1944 азы.

Амард 1967 азы 1 октябры.

Игорь МАШКОВ

Машков Игорь Анатолийы фырт райгуырд Донецкы облæсты, г. Бахмуты (Артемовск), службæгæнæджы хæдзары, 1924 азы 23 февралы. У ирон. Каст фæци 9 къласы. 1941 азы, хæсты райдайæны, æрвыст цыд Самаркандмæ. Куыста киномеханикæй. Советон Æфсадмæ йæм фæсидтысты 1942 азы. Уыцы аз бахаудта хæсты гуылфæны. Уыдис Курскы къæлæты стыр тохты, архайдта Галиуварс Украинæ æмæ Днепрыл карз хæстыты.

1943 азы 28 сентябры Игорь Машков фыццæгтимæ баленк кодта Днепры фаллаг фарсмæ, Днепропетровскы облæсты Мишурин Рогы хъæуы цур. Уым рæвдыста æмбисонды лæгдзинад. Иæхæдæг ныццагъта 30 фашисты, ныфс уагъта йе 'мбæлтты, разæнгард сæ кодта тохмæ. Уый тыххæй йын 1944 азы 22 февралы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944—1945 азты, полчъы комсорг уæвгæйæ, архайдта Украинæ, Молдави, Румыни, Венгри фыдгултæй ссæрибар кæныны хæстыты.

1945 азы бацыд ÆК(б)Пйы рæнхъытæм. Ссис лейтенант.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ куыста æдасдзинады органты Винницæйы, Ужгороды, Одессæйы. Лæвæрд æрцыд Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты ордентæ, майдантæ.

Амард уæззау низæй 1961 азы. Банызгæдтой йæ Одессæйы.

МИЛДЗЫХТЫ Хадзымырзæ

Милдзыхты Зауырбеджы фырт Хъадзымырзæ райгуырд 1919 азы 1 январы, зæхкусæджы хæдзары, Авд къласы каст куы фæци, уæд куыста трактористæй. 1939 азы йæм фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайдта йæ фыццаг бонтæй фæстæмæ. Фашистон лæбурджытимæ тох кодта Цæгат-Ныгуылæн фронты. Уыдис отделенийы командир, 1942 азы январы хæцыд знаджы чъылдыммæ Новгороды облæсты Лычковскийы районы. 1942 азы 14—17 январы, развæдсгарджыты къорды разамонæг уæвгæйæ, Хадзымырзæ пулеметæй урæдта знæгты ныббырст æмæ дзы ныццагъта 100 салдатæй фылдæр. Фæцæф, фæлæ баззад йе 'мбæлттимæ. Уыцы иæртон ныфс æмæ хъæбатырдзинады тыххæй 1942 азы 16 мартъийы Милдзыхты Хадзымырзæйæн Советон хицауад саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Ноджы ма йын лæвæрд æрцыд Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты ордентæ, бирæ майдантæ.

Хæстæй куы ссыд, уæд куыста Цæгат Ирыстоны партион æмæ советон органты.

Ныртæккæ Милдзыхты Хадзымырзæ нæ пенсийы. Цæры г. Орджоникидзейы.

Борис МИТЬКИН

Митькин Борис Викторы фырт райгуырд 1914 азы 24 июны Владикавказы, службæгæнæджы хæдзары. Каст фæци æнæххæст астæуккаг скъола æмæ дзидзайы промышленности техникум. 1935—1939 азты уыдис Сырх Æфсады рæнхъытæм. Уый фæстæ куыста Мæскуыйы облæсты г. Загорски дзидзайы комбинаты директорæй.

1942 азы апрелы йæм фæсидтысты Советон Æфсадмæ. Каст фæцис фистæгæфæддон скъола, æмæ фашисты ныхмæ тох кодта Центрон фронты. Уыдис минометæй æхсæг ротæйы командир. Лейтенант Борис Митькин фесгуыхт Днепрыл хæстыты. 1943 азы 21 сентябры раивта æхсæг батальоны командиры. Ие 'фсæддонтæ æнтыстджынæй бахызтысты цæугæдон Деснайы сæрты. Карз хæстытимæ бахæццæ сты Днепрмæ, æмæ, фаллаг фарсмæ бахизгæйæ, æрбынатон сты Черниговы облæсты Окуниновойы хъæуы цур, ныддæрæн кодтой фашистон батальон. Митькин йæхæдæг дамбацайæ амардта 9 фашисты, ну та дзы райста уацары. Дыууæ хатты фæцæф. Фæлæ уæддæр разамынд лæвæрдта батальонæн.

Уыцы лæгдзинады тыххæй Борис Митькинæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Рахизфарсы Украинæ уæгъд кæнгæйæ, хъайтар командир фæмард 1943 азы 20 ноябры. Банызгæдтой йæ Березовкæйы хъæуы (ныртæккæ Садовое). Ам йæ номыл нс колхоз, г. Орджоникидзейы — уынг.

Александр МНАЦАКАНОВ

Александр Сидоры фырт Мнацаканов райгуырд 1921 азы 23 февралы, г. Владикавказы. 1938 азы каст фæци г. Орджоникидзейы 3-æм астæуккаг скъола æмæ йæ ахуыр адарддæр кодта Тбилисы æфсæнвæндаджы транспорты институты.

1941 азы йæм фæсидтысты Советон Æфсадмæ. 1942 азы каст фæци Камышинъы танкты училище. Хæцæг æфсады уыдис 1942 азы сентябрæй фæстæмæ. Архайдта Сталинграды тохты. Уыдис танкты ротæйы командир. Уый фæстæ фесгуыхт Ленинграды æрхъула арæмудзыны рæстæг.

Стыр лæгдзинад равдыста горæттæ Красное село, Кипент, Войсковицыйы цур знаджы чъылдыммæ тохты. Фашисты хъахъхъæнæн бынат Тблезийыл хæсты Мнацакановы танктæ ныппырх кодтой знаджы 4 сармадзаны, 10 автомашинæйы, дыууæ æхсæн бынаты, амардтой 100 гитлероны. Фашисты чъылдыммæ архайгæйæ, лейтенант Мнацакановы ротæ æдæппæт ныццагъта знаджы 2200 салдаты æмæ афицеры. Уыцы сгуыхтдзинæдты тыххæй Александр Мнацакановæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944—1945 азты архайдта Прибалтикæ суæгъд кæныныл тохты.

Хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта Гæрзифтонг Тыхты. Партийы уæнг у 1946 азæй фæстæмæ, 1947 азы каст фæци Хæстон академи. 1986 азы рæвдыд отставкæйы. Цæры Мæскуыйы. Нудадзыг бастдзинад дары Ирыстонмæ.

Не сгуыхтдзинæдты тыххæй йын саккаг кодтой Кинны, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, Сырх Стъалыйы ордентæ, бирæ майдантæ.

АДÆЙМАДЖЫ ХЪЫСМÆТ

АМЕРИКДЗАУТÆ

1905-æм азы революци фæсыкк. Паддзах йæ дзæмбытæй тынгдæр æрæлхъывта мæгуыр зæхкусæг адæмы æрмæст Уæрæсейы центрон цæрæнбынæтты нæ, фæлæ ма Дыгургомы дæр. Алы ран дæр фенæн уыд паддзахы чиновникты. Фæснæлы фабричы (уæды рæстæг белгийæгты къухы уыд) кусджытæ сæ бартыл уæндонæй кæй сдзырдтой, уый тыххæй хохæгтæй бирæтæ тард æрцыдысты ахæстæттæм, дæргъвæтин рæстæгмæ Сибырмæ. Уыдонимæ уыд Мастинæкы хъæуккаг Гæуысты Георги. Иæ ус Еленæ, Гагкайты чызг хæххон хъæу Цирохсгæйæ, йæ зæрдæ дардта йæ лæджы сыздæхтыл. Къорд азы йæм æнхъæлмæ кастн. Фæлæ йæ йæ фыд Гапби бадын нал бауагъта, тыххæй йæ радта Дзагкойты Басайæн, зæронд лæгæн æмæ ссис фондз сывæллонæн фыдыус. Еленæ уыд бæрзонд, хæрзконд сылгоймаг, хъаруджын, фæллойуарзаг. Уæлынмæ, Октябры революцийы фæстæ, 1919 азы, сыздæхт сахъат æмæ рынчынæй Гæуысты Георги. Иæ ус Еленæ йын йе сыздæхты хабар куы фехъуыста, уæд æм ацыд фæстæмæ. Фæлæ сæ амонд бирæ нал ахаста, амард йæ уарзон къай Георги чехоткæйæ Дур-Дуры. Еленæ йæхæдæг дæр бирæ нал ацард, æххормаг 1921 азы фæзнан.

Фæснæлы фабричы рæстдзинадыл дзурæг куыдзытæй бирæтæ ахæстæтты амардысты. Зæгъæм, Колыты Габий, студент, йæ удхæссæг уыдта паддзахы æнæзакъон хъуыддæгтæй, чи сæ æххæст кодта, уыдонæй, æмæ кодта революцион куыст. Фæлæ Октябры революцийы фæуæлахиз нал федта, йæ цард аскъуыд ахæстоны. Афтæ рауад, Æрыдоны семинары кæнмæ ахуыр кодта, Задалескы хъæуккаг Базиты Саулохы лæппу Бидзигойы хъысмæт дæр.

Революцийы змæстыты архайæг фæсивæд карз æфхæрд цыдысты паддзахы 'рдыгæй. Сæдæгай нæлгоймæгты сусæгæй лидзын бахъуыд Америкмæ (уæды рæстæг Америкæ хъуыстгонд уыд, куыд сыгъзæрины бæстæ). Америкмæ кусынмæ ацæуыны тыххæй Цæгат Кавказы зылдысты дзуттаг агитацигенджытæ, разæнгард кодтой мæгуыр кусæг адæмы стыр æхцатæ бакусынмæ. Хабар æрбахæццæ мах Дыгургоммæ дæр. Дзуттаг агитацигенджытæ стыр къордтæй ластой океаны фалемæ хохæгты æмæ сæ куыд кусæг тых, афтæ «уæй» кодтой америкаг æмæ канадаг хъæздгуытæн. Мæ сæм нал лæууыд. Тæрсгæ дæр кодта, исчи сæ куы нал рацæуа, уымæн æмæ алы адæймаджы тыххæй дæр, бынатмæ сæ куы ныххæццæ кæна, уæд æхца ниста. Æппынфæстаг бæлццæттæ кæртæй рахызтысты. Рæмонты Мырзабег фæндзрасты зарæг ныззарыд. Уыцы рæстæг Фæрæскъæты хъæуы уыд 13 хæдзары, Америкмæ та дзы ацыд 14 лæджы.

Ацыдысты сайды фæндагыл мæгуыр, талынг, æнахуыргонд лæгтæ. Мæ зæрдыл арæх ærлæууынц мæ фыд Гæбызæйы ныхæстæ: «Мах уыцы дауттаг Иæманл йæ фæдыл фосы хуызæн кодта. Цæмæй йын фæндагыл ма адзæгъæл уыданккам, уый тыххæй нæ кæрæдзиуыл бафидар кодта къæндзыгтæй, рауад-ну нæ рæхыс æмæ-ну афтæмæй, кæрæдзиуыл бастæй, бахызтыстæм поездмæ, наумæ. Афтæмæй нæ ратæрбатæр кодта горæтты уынгты дæр. Æппæты фыццаг нæ къæндзыгтæй кæрæдзиуыл бабаста Даргъ Къохы станцæйы поездмæ хизгæйæ, стæй Харьковы. Нью-Йоркмæ нæ куы ныхæццæ кодта не 'скъæрæг, уæд дæр нæ 20—30 километры рæхысбастæй йæ разæй фæтардта быронднмæ. Уым нын загъта, уæ дзаумæттæ нууылдæр ам аппарут æмæ ногтæ скæнут. Аивтам нæ дарæс, уæдæ цы, кæрæдзи нал базыдтам америкаг дарæсы...»

Куыд рауад сæ цард, сæ хъысмæт? Фыццаг æнамонд хабар Америкæй Дыгургоммæ сыхъуыст æртæ мæйы фæстæ Дзарасуты Къалайæ. Уый хъæдкалгæйæ электрон тыхæй фæмард. Уый дын Америк: алы ран дæр уæззау куыст. Иу чысыл рæстæг кусгæ-кусын дæ астæу сраст кодтай, зæгъгæ, уæд дæхи хъахъхъæн цæстдарæгæй, куыст дын нал уыданд. Сæфтысты шахтæты, хъæды, быдыры æххуырсты ацæуæг лæртæ. Уыдоны фæллойы руаджы америкаг хъæздгуытæн сæ исбон ноджы фылдæрæй-фылдæр кодта, æхуырсты цард та — цыбырдæр. Даргъ сомтæ кусынмæ чи ацыд, уыдонæй пайдагонд æрцыд фыццаг дунеон хæсты дæр. Зæгъæм, Дзидзойты Николай æрвыст æрцыд салдатæй уыцы хæстмæ, цыппар азы дзы баслужбæ кодта, 1920 азы сыздæхт æнæмæнг. Уыцы рæстæг йæ хæстæджытæ разынгъæлдысты Дур-Дурмæ. Николай ма нучыдзæн ацард æмæ амард. Мындзайты Дзыппо дæр бирæ азты фæцард æмæ фæкуыста Аляскайы шахтæйы. Æрæмбырд кодта нуæзæгæр æхца æмæ 30-æм азты æрыздæхт сæхимæ.

Мæ базар кæнынмæ, уæд-ну сæ хицау зæрдæбынæй семæ фæныхæстæ кодта. Иæ зæрдæмæ фæцыдысты æмæ дын сæ йæхицæн хъахъхъæнджытæ куы скæнид. Мæ фыд-ну куыд дзырдта, афтæмæй уыдон дард денджызон балцы уыдысты æртæ хатты: Японы, Индонезийы, Индийы. Индийы мæ фыды къухыл калм фæхæцыд æмæ тыххæйты ферæзт. Стæй уыцы хицауæн кусын райдыдтой йæ фермæйы. Æртæ азы йæм куы бакуыстой, уæд сæм йæхимæ фæсидтис, сбадын сæ кодта йæ фарсмæ æмæ сын уæд загъта, ныр мæнæй сæрибар стут, зæгъгæ. «Æз зонын, сымахмæ æхца нæй, фæлæ уын уæ хорз фæллойы тыххæй бафиддзынæн мыздæ», — загъта сын хицау. Мæ фыдæн радта фылдæр — 26 мин доллæры. Балхæдта сын билеттæ, радта сын цатыр. Мæ фыд йе 'фсымæр Дугейы, стæй йæ хойы лæппу Габыцы æхцатæ райста, афтæмæй 37 мин доллæримæ сыздæхт нæхимæ. Балхæдта хосгæрст. Дыууæ мæйы фæстæ та фæуæлахиз Октябры социалистон революци. Мæ фыд зæхх кæмæй балхæдта, уый алыгъд Туркмæ, æмæ мæ фыдæн йе 'хца доны бакалдысты.

